

RESPONSABLITE PIBLIK: Èske sa konsène mwen?

Responsablite piblik la se yon tès pou wè si yon moun gen anpil chans pou li depann sou pwogram gouvènman an. Y ap konteste règ responsablite piblik la nan plizyè aksyon nan lajistis. Si w ta renmen konnen dènye nouvèl sou aksyon nan lajistis yo, al gade nan nyc.gov/publiccharge oswa rele liy dirèk ActionNYC a nan 800-354-0365 ant 9 dimaten ak 6 diswa, lendi pou rive vandredi.

Enfòmasyon nou bay la PA konsèy jiridik. Rele liy dirèk ActionNYC an pou jwenn plis enfòmasyon ak pou pran yon randevou ak yon avoka ou ka fè konfyans pou konsèy gratis. Liy dirèk la anonim epi li disponib nan plis pase 200 lang.

Ou gen yon **kat rezidans**.



Règ responsablite piblik la PA konsène ou, menm lè w ap renouvle kat rezidans ou.

Sepandan, si ou gen plan pou kite peyi a pou plis pase sis (6) mwa, ou ta dwe pale ak yon avoka imigrasyon.

W ap aplike pou OSWA ou deja gen youn nan estati sa yo: **Sitwayènte Etazini, viza T oswa U, azil, refijye, jivenil imigran espesyal, moun ki mande petisyon VAWA pou tèt li.**



Règ responsablite piblik la PA konsène ou.

Ou ka kontinye itilize nenpòt pwogram gouvènman ou kalifye pou li. Yo pa pral konte avantaj ou resevwa pandan ou gen estati sa a kont ou, menm si ou aplike pou yon kat rezidans sou yon lòt baz.

Ou menm oswa manm fanmi ou **gen plan pou aplike pou yon kat rezidans, aplike pou yon viza, oswa pou renouvle yon viza anndan Etazini.**



Jwenn yon konsiltasyon imigrasyon.

Tès responsablite piblik la ka toujou pa konsène ou. Menmsi tès la kapab konsène ou, yo pa ka konsidere avantaj ou resevwa yo kòm yon pati nan tès la. An plis, yo p ap konsidere tès la si w ap renouvle pwogram Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS) la oswa pwogram Aksyon Defere pou Moun ki Rive Timoun (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA) nan.

Ou menm oswa manm fanmi ou **gen plan pou aplike pou yon kat rezidans, aplike pou yon viza, oswa pou renouvle yon viza deyò Etazini.**







Jwenn yon konsiltasyon imigrasyon.

Gen yon règ ak konsèy sou responsablite piblik apa pou aplikasyon pou kat rezidans ak aplikasyon pou viza yo depoze *deyò* Etazini. Tcheke ak yon avoka imigrasyon pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekòmandasyon konsènan responsablite piblik. Si ou pa gen yon avoka, rele liy dirèk ActionNYC a nan 800-354-0365.

Responsablite Piblik: Jwenn Swen Sante San Kè Sote

Y ap konteste règ responsablite piblik la nan plizyè aksyon nan lajistis. Si w ta renmen konnen dènye nouvèl sou aksyon nan lajistis yo, al gade nan nyc.gov/publiccharge oswa rele liy dirèk ActionNYC a nan 800-354-0365.

	Enpak Responsablite Piblik	Sa ou ka fè
Lè ou resevwa swen nan klinik Depatman Sante, NYC Health + Hospitals, Sant Sante Kominotè yo	<p>Resevwa swen sante se pa yon avantaj piblik yo idantifye nan règ sou responsablite piblik la.</p> <p>Si ou sipoze respekte règ responsablite piblik la, li ka bay aplikasyon dosye w la jarèt pita si ou pran swen tèt ou kounye a.</p>	 <p>Jwenn swen san kè sote!</p>
Medicaid	<p>Anpil imigran, tankou sa ki nan azil yo, refijye yo, sèten viktim vyolans, ak moun ki deja gen kat rezidans yo pa gen pou suiv règ responsablite piblik la.</p> <p>Benefisyè DACA yo kalifye pou Medicaid eta a finanse, ki pa yon avantaj piblik yo idantifye nan règ sou responsablite piblik la.</p>	 <p>Pifò rezidan New York ki kalifye pou Medicaid ka enskri ladan san yo pa bezwen pè pou koze responsablite piblik la.</p> <p>Jwenn yon konsiltasyon imigrasyon nan Liy Dirèk ActionNYC a nan 800-354-0365.</p>
Medicaid pou ljan, Medicaid pou Fanm Ansent, Plan Esansyèl, Child Health Plus, oswa yon Plan Sante Kalifye	<p>Sa yo pa avantaj piblik yo idantifye nan règ sou responsablite piblik la.</p> <p>Paran yo p ap jwenn sanksyon pou pitit yo ki enskri nan Child Health Plus oswa lòt avantaj.</p>	 <p>Enskri san kè sote!</p>
NYC Care, H+H Options, Swen Charite nan Lopital, oswa Sant Sante Kominotè ki gen yon frè selon revni.	<p>Sèvis sa yo pa avantaj piblik yo idantifye nan règ sou responsablite piblik la.</p>	 <p>Enskri san kè sote!</p>

Enfòmasyon nou bay la PA konsèy jiridik. Rele liy dirèk ActionNYC a nan 800-354-0365 ant 9 a.m. ak 6 p.m. lendi rive vandredi, pou jwenn plis enfòmasyon ak pou pran yon randevou ak yon avoka ou ka fè konfyans pou konsèy gratis. Liy dirèk la anonim epi li disponib nan plis pase 200 lang.

Si ou panse règ responsablite piblik la ka afekte ou oswa yon fanmi ou, rele liy dirèk ActionNYC a nan 800-354-0365.

